**CHIMBOY TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**

*231400, Chimboy tumani, Dustlik ko'chasi, r/u.*

**CHIMBOY INTER-DISTRICT ECONOMIC COURT**

*231400, Chimboy, Dustlik guzori street,*

Tel: (55) 102-40-54 (198) e-mail: i.chimboy@sud.uz

**Өзбекстан Республикасы атынан**

# ҲАЛ ҚЫЛЫЎ ҚАРАР

**Шымбай районы 2022-жыл 6-январь 4-2304-2102/1798-санлы ис**

Шымбай районлар аралық экономикалық судының судьясы З.Бердимуратов, даўагер Өзбекстан Саўда-санаат палатасы Қарақалпақстан Республикасы басқармасы Өзбекстан Республикасы АКБ «Агробанк» мәпин қорғап, жуўапкер «Ю К» фермер хожалығынан 5052000 сум кредит қарызын, 193000 сум пайыз ҳәмде 21600 сум почта қәрежетин өндириў ҳаққындағы даўа арзасын ҳәм қосымша қылынған ҳүжжетлерин көрип шығып, төмендегилерди

**А Н Ы Қ Л А Д Ы:**

Өзбекстан Саўда-санаат палатасы Қарақалпақстан Республикасы басқармасы (кейинги орынларда ССП деп жүритиледи) Өзбекстан Республикасы АКБ «Агробанк»мәпин қорғап (кейинги орынларда даўагер деп жүритиледи), «Ю К» фермер хожалығынан (кейинги орынларда жуўапкер деп жүритиледи) 5052000 сум кредит қарызын, 193000 сум пайыз ҳәмде 21600 сум почта қәрежетин өндириўди сораған.

Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң (кейин-ЭПК) $203^{2}$-статьясының биринши бөлимине муўапық, егер даўаның баҳасы юридикалық шахсларға қарата базалық есаплаў муғдарының жигирма есесинен жеке тәртиптеги исбилерменлерге қарата болса – базалық есаплаў муғдарының бес есесинен аспаса, даўа арзалар бойынша ислер әпиўайыластырылған тәртипте көрип шығылыўы лазым.

ЭПКниң $203^{4}$-статьясының сегизинши бөлимине муўапық, суд әпиўайыластырылған ис жүритиў тәртибиндеги исти суд додалаўын өткерместен, тәреплерди шақыртпастан ҳәм олардың түсиниклерин еситпестен көрип шығады.

**Суд истеги ҳүжжетлерди үйренип шығып, даўа арзаны қанаатландырыўсыз қалдырыўды мақул тапты.**

Истеги ҳүжжетлерге қарағанда, АКБ «Агробанк» Қараөзек филалы (кейинги орынларда банк филиалы деп жүритиледи) ҳәм жуўапкер орталарында 2020-жыл 24-октябрь күни дүзилген 186-санлы кредит шәртнамасына тийкар, банк филиалы тәрепинен жуўапкерге, жыллық 12 пайыз бенен 8112360 сум муғдарында кредит ажыратылған. Кредит мақсети ғәлле өнимин жетилистириўди қаржыландырыў болып белгиленген.

Кредит шәртнамасының 3.3.6-бәндине муўапық, жуўапкер кредит ҳәм пайыз төлемлерин белгиленген мүддетлерде төлеп барыў

Хужжат имзоланган: Бердимуратов Замир Дарибаевич, 17.01.2022

миннетлемесин алған, бирақ шәртнама шәртлери лазым дәрежеде орынланбаған.

Қарызды төлеў ҳаққындағы банк филиалы тәрепинен 2021-жыл 12-июль күнги талапнама жиберилген болып, талапнама жуўапкер тәрепинен орынланбастан қалған.

Сонлықтан, жуўапкердиң банк алдында 2021-жыл 29-ноябрь күнине 5052000 сум кредит қарызы, 193000 сум пайызды қурайды. Бул жағдайда ССП тәрепинен банк пайдасына тийисли пулларын талап қылғаны тийкарлы табылады.

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң (кейин-ПК) 236-статьясында, миннетлемелер миннетлеме шәртлерине ҳәм Нызам ҳүжжетлери талапларына муўапық лазым дәрежеде орынланыўы керек деп белгиленген.

ПК-ниң 744-статьясында кредит шәртнамасы бойынша бир тәреп - банк яки басқа кредит кәрханасы (кредитор) екинши тәрепке (қарыз алыўшыға) шәртнамада нәзерде тутылған муғдарда ҳәм шәртлер тийкарында пул қаржылары (кредит) бериў, қарыз алыўшы болса алынған пул суммасын қайтарыў ҳәм оның ушын пайызлар төлеў миннетлемесин алыўы белгиленген.

Бирақ, банк филиалы тәрепинен усынылған 2022-жыл 6-январь күнги 688-санлы мағлыўматнамасында жуўапкердиң қарызы жоқ екенлиги көрсетилген.

Солай етип, суд даўа арзаны қанаатландырыўсыз қалдырыўды, жуўапкерден банк пайдасына ис бойынша төленген 21600 сум почта қәрежетин өндириўди мақул тапты.

Төлениўи лазым болған 270000 сум мәмлекетлик бажы пул жуўапкерден бюджет есабына өндириледи.

Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 118, $203^{1}$ - $203^{5}$-статьяларын басшылыққа алып, суд

**ҚАРАР ЕТТИ:**

Даўа арза қанаатландырыўсыз қалдырылсын.

Жуўапкер «Ю К» фермер хожалығынан Өзбекстан Республикасы АКБ «Агробанк» пайдасына 21600 сум почта қәрежети өндирилсин.

Жуўапкер «Ю К» фермер хожалығынан республика бюджетине 270000 сум бажы пул өндирилсин.

Ҳал қылыў қарар қабыл етилген күннен кейин 10 (он) күн өтип нызамлы күшине киреди ҳәм қарарға наразы тәреп Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялық тәртибинде арза (прокурор протест) келтириўге ҳақылы.

**Судья З.Бердимуратов**

Хужжат имзоланган: Бердимуратов Замир Дарибаевич, 17.01.2022